

# MOVEZ TRETMAN : ISTWA ZHU

Men istwa Zhu ki gen 80 an. Zhu vle di "Pèl" an chinwa.  
Li rive Québec an 2013, pitit gason li Guo ak bèlfi li Huan te parennen li. Li se yon granmè.  
Se yon zanmi ki te kontakte LAMAA konsènan pwoblèm li.




Mwen santi m tèlman fatige.  
Lè mwen te rive an 2013, sa te fè m anpil plezi sipòte pitit gason m ak bèlfi m epi soulaje yo yon ti jan...men kounye a yo mande m twòp e mwen santi m mwens kapab.



Zhu pale ak Huan sou sa, men Huan reyaji mal :

Mwen pa konprann poukisa w ap plenyen. Ou gen kote pou w dòmi, ou manje, epi ou wè pitit pitit ou chak jou. Gen anpil granmè ki pa gen chans sa a.



Pita, Guo vle pale avè l.

Siyen chèk sa a!  
Li enpòtan!



Non, mwen pa gen entansyon peye vwayaj ou.



3 semèn apre.

Pèsonn nan kay la pa pale avè l depi 3 semèn.  
Li santi l tankou yon etranjè nan kay sa a.  
Yo inyore li nèt.

Ou ta dwe siyen chèk sa a!



Sa pa gen pwoblèm.  
M ap siyen l

Twò difisil pou yo inyore m nan pwòp kay mwen.  
Yo inyore m. Mwen pa ka ankò...  
Mwen dwe pale ak yon zanmi.



Isit la nou remake plizyè kalite move tretman :  
Move tretman finansye ak vyolasyon dwa  
Yo fòse Zhu siyen yon chèk,  
Move tretman sikolojik anba fòm vyolans ak neglijans :  
yo kontwòle li, yo pa pale avè l pandan 3 semèn.  
Yo inyore li epi an menm tan yo anpeche li satisfè bezwen li genyen pou sosyalize.

Si w ap viv yon sitiyasyon ki sanble ak sa oswa si w temwen li, ou ka jwenn èd. Ou ka resevwa sipò nan men yon entèvenan ki pale lang ou. Ou ka kontakte LAMAA tou.

**1-888-489-2287.**

Manm ekip la pou koute w depi 8è nan maten rive 8è nan aswè, 7 jou sou 7.  
Gade enfòmasyon ki sou deyè paj la.



## Ligne Aide Maltraitance Adultes Aînés

Move tretman fèt lè yon atitud, yon mo, yon jès oswa yon mank de aksyon apwopriye, sengilye oswa repetitif, rive nan yon relasyon ak yon moun, yon kominote oswa yon òganizasyon kote ta dwe gen konfyans, epi si li entansyonèlman oswa san entansyonèlman lakòz domaj oswa detrès nan yon granmoun<sup>1</sup>.



### Men 7 kalite move tretman anvè granmoun aje ak granmoun nan sityasyon vilnerab<sup>2</sup>:

Sikolojik, fizik, finansye oswa materyèl, seksyèl, vyolasyon dwa, ageism ak òganizasyonèl (jesyon swen ak sèvis). Yo manifeste sou 2 fòm: vyolans ak/oswa neglijan.

### Kèk endikasyon pou rekonèt abi:

- ◆ Moun nan vin deprime, retrè oswa pè;
- ◆ Li sispann patisipe nan evènman sosyal;
- ◆ Li gen blesi li pa ka eksplike.



## Abi afekte nou tout!

Si w panse w ap sibi abi oswa si w temwen sa, kontakte liy asistans pou abi pou granmoun aje **1-888-489-2287**.

### Lòt resous:

Komisyone pou plent ak kalite sèvis pou divès établissements sante ak sèvis sosyal nan Quebec

Ofisye polis sosyo-kominotè (nan tout rejyon yo)

Òganizasyon kominotè legal yo, kontakte 211

Si sekirite ou ka konpwomèt, kontakte 911.

1. Reconnaître et agir ensemble, Plan d'action gouvernemental pour contrer la maltraitance envers les personnes âgées 2022-2027, MSSS, Juin 2022, section 1.1 la définition de la maltraitance, p.5.
2. Reconnaître et agir ensemble, Plan d'action gouvernemental pour contrer la maltraitance envers les personnes âgées 2022-2027, section 1.2 les formes et types de maltraitance, p. 7 <https://publications.msss.gouv.qc.ca/msss/document-003402/>

Bédéiste: Magali Boudon  
Coordonnatrice du projet: Louise Buzit  
Direction régionale de santé publique de Montréal, octobre 2024.